



# Rezistans Antibiyotik

## Kisa ki rezistans antibiyotik?

Rezistans antibiyotik rive lè youn oswa plizyè antibiyotik pa ka trete yon enfeksyon ankò. Enfeksyon ka lakoz diferan kalite mikwòb (bakteri, chanpiyon, oswa viris). Nan Etazini, Sant Pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi te idantifye 18 bakteri ak chanpiyon ki devlope rezistans a antibiyotik epi ki kounye a poze yon menas.

## Poukisa rezistans a antibiyotik se yon pwoblèm?

Depi yo te premye itilize antibiyotik nan ane 1940 yo, sa te sove plizyè milyon vi. Toutfwa, bakteri te montre kapasite pou l vin rezistan a chak antibiyotik ki te devlope nan dènye 70 ane yo. Non sèlman jèm ki rezistan yo pi difisil pou konbat, pasyan ki gen enfeksyon ki rezistan yo gen plis risk pou enfimite oswa lanmò. Rezistans a antibiyotik se egalman yon preyokipasyon ekonomik enpòtan nan Etazini, sa vin ajoute plizyè milya dola nan swen ak tretman adisyonèl.

## Resous Limite

Plis antibiyotik nou itilize jodi a, se mwens n ap genyen pou demen. Itilizasyon antibiyotik se faktè ki pi enpòtan ki kondwi a rezistans antibiyotik yo. Pandan n ap itilize plis antibiyotik, se plis rezistans k ap devlope. Sa pral limite gravman kapasite nou pou trete maladi enfeksyon yo ak pou pèfòme pwosedi medikal ki konplike yo ki egzije antibiyotik.



## Konbat Rezistans kont Antibiyotik

### Anpeche maladi simaye:

Anpeche enfeksyon simaye pral redwi kantite antibiyotik ki nesèsè ak redwi pwobabilite pou rezistans devlope. Mande doktè w si w ajou avèk vaksen w yo. Lave men w detanzantan, espesyalman si w soti nan klinik doktè oswa nan lopital. Asire ke doktè w oswa enfimye a lave men l anvan li manyen ou.

**Itilize Antibiyotik yo jan yo Preskri a:**

Jiska mwatye nan itilizasyon antibiyotik yo sou imen pa nesesè. Sonje ke antibiyotik efikas sèlman kont bakteri ak kèk chanpyon. Antibiyotik pa p travay kont viris. Doktè w ka kwè ou malad de yon viris epi li pa preskri yon antibiyotik. Si doktè w preskri yon antibiyotik, asire ke w pran tout medikaman an. Menm si ou santi w byen, ka gen kèk mikwòb ki toujou ap viv andedan ou.

